

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Lingkungan hirup urang Sunda anu subur teu bisa leupas tina hirup kumbuhna sasatoan jeung tutuwuhan. Kaayaan sarupa kieu salian ti katinggali langsung ku indera paninggal ogé kagambar tina carita atawa dongéng-dongéng ti kolot jaman baheula kénéh.

Hirup kumbuhna tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) tangtu waé mangaruhan kana hasil cipta karsa masarakatna. Dina harti séjén kaayaan alam bisa kagambar dina hasil budayana. Budaya bisa miwujud karya, kaasup karya sastra. Karya sastra minangka hasil tina olah cipta masarakat salah sahijina bisa ngajanggélék dina wangun sisindiran Sunda.

Istilah tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) mindeng pisan kasebut dina sisindiran jeung wawangsalan Sunda. Ampir unggal sisindiran Sunda teu bisa leupas tina ieu istilah. Ku kituna bisa disebutkeun yén istilah flora jeung fauna dianggap penting dina sisindiran Sunda.

Sisindiran jeung wawangsalan anu mangrupa bagian karya sastra penting pisan diajarkeun ka siswa. Lantaran sisindiran jeung wawangsalan téh dalit jeung gumulung dina kahirupan urang Sunda. Ieu karya sastra téh sok jadi kacapangan dina paguneman sapopoé. Lamun aya kajadian téh teu weléh sok dituturkeun ku sisindiran jeung wawangsalan keur ngagambarkeunna. Misalna waé lamun aya budak leutik anu ngéar waé ceurik sanajan geus diupahan, dibébénjokeun, kolotna sok nyarita kieu: *“Budak téh teu bisa disupa dulang.”* Maksud tina omongan bieu téh tuluyana tina éta wawangsalan nya éta *“Teu beunang dibébénjokeun”*. Conto séjén lamun aya mojang anu gering pikir lantaran beubeureuhna direbut batur mucunghul aya sisindiran: *“mencit meri dina rakit, boboko wadah bakatul, lain nyeri ku panyakit, kabogoh dirébut batur.”*

Sisindiran ogé nyampak tur digunakeun dina pintonan sababaraha rupa wanda kasenian, saperti wayang golék, réog, kiliningan, tembang Sunda (panambih), seni (dina wanda ketuk tilu jeung jaipongan) sarta ditepikeun dina wanda lagu nu béda-béda (Wibisana, spk., 2000, kc. 440). Nepina wangun

sisindiran kana kahirupan masarakat Sunda gegedéna ngaliwatan lalaguan. Boh dina wanda kawih, tembang, atawa dina wanda lagu-lagu pop. Contona baé dina lagu: “Sorban Palid”, “Bajing Luncat”, “És Lilin”, “Bubuy Bulan” jeung réa-réa deui.

Sisindiran kaasup karya sastra nu geus aya ti jaman baheula keneh. Hal ieu lantaran sisindiran geus disabit-sabit dina naskah Sunda kuno Sanghyang Siksakandang Karesian (1518). Dina ieu naskah geus ditétélakeun yén sisindiran téh aya dina bagian XVI saperti ieu di handap:

“Hayang nyaho di sakweh ning kawih ma: kawih bwatuha. kawih panjang, kawih lalaguan. kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih pengpeledan, bongbong kaso, pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan; sing sawatek kawih ma, paraguna tanya.” Transkrip jeung tarjamahanana kaunggel saperti kieu: lamun hayang nyaho sagala rupa wanda lagu, saperti kawih bwatuha, kawih panjang, kawih lalaguan, kawih panyaraman, kawih sisi(n)diran, kawih pengpeledan, bongbong kaso, pererane, porod eurih, kawih babahanan, kawih ba(ng)barongan, kawih tangtung, kawih sasa(m)batan, kawih igel-igelan; sagala rupa lagu, tanyakeun ka paraguna atawa ahli karawitan.

Eusi sisindiran bisa ngagambarkeun kaayaan lingkungan, situasi masarakat, kereteg haté, tur média atikan.. Sisindiran jeung wawangsalan mangrupa produk hasil olah pikir masarakat nu eusina luyu jeung keretegna. Hal ieu nuduhkeun yén sisindiran téh raket tur dipikaresep ku masarakat.

Kekecapan dina sisindiran Sunda biasa tara leupas tina barang-barang nu nyampak di sabudeureunana, kayaning ngaran pakakas rumah tangga, papakéan, tutuwuhan, sasatoan, kadaharan, jeung nu liana. Basa nu digunakeunna loma, sipatna akrab ka saha waé, komunikatif jeung masarakat anu mirengna. Maksud nu ditepikeunana aya nu satarabasna atawa sacéréwéléna aya ogé anu disamunikeun.

Eusi sisindiran teu bisa leupas tina kaayaan atawa gambaran alam Sunda. Alam Sunda anu héjo lémbok ku tutuwuhan, ingon-ingon nu reuay kagambar dina karya sastrana, salah sahijina dina sisindiran jeung wawangsalan. Hal ieu nu ngabalukarkeun ayana istilah tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) dina sisindiran. Nya hal ieu pisan nu matak ngirut pikeun ditalungtik leuwih jero.

Panalungtikan anu medar perkara basa jeung budaya kapanggih dina tesis Siska Kusumawati (2014) dina judul “*Leksikon Budaya dina Babasan jeung*

Paribasa Sunda (Ulikan Antropolinguistik) Ieu tésis medar perkara istilah kasenian Sunda anu mindeng kapanggih dina babasan jeung paribasa Sunda . Mahmud Fasya & Rizki H (2013) ogé medar ngeunaan étnolinguistik dina artikel anu judulna “*Léksikon Nasi dalam Bahasa Sunda: Studi Antropolinguistik di Kampung Naga, Kecamatan Salawu, Tasikmalaya*”. Dina ieu artikel diguar perkara harti léksikal anu aya patalina pisangueun jeung kagiatan nyangu. Ari tésis nu ngaguar ngeunaan léksikon ditulis ku Yani Nurfitri Hadiyanyah (2014) dina judul “*Léksikon Kadaharan Tradisional Sunda di Kabupatén Kuningan*”. Dina ieu tésis diguar ngeunaan semantik léksikal anu aya dina ngaran-ngaran kadaharan anu aya di Kuningan. Jabati éta, aya anu medar ngeunaan léksikosemantis ku Tintin Supriatin (2012) dina tésisna ngeunaan “Interférensi Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Abtraksi Skripsi (Tilikan Morfologis jeung Léksikosemantis)”, anu eusina ngaguar ngeunaan kasalahan harti léksikal anu aya dina abstrak skripsi mahasiswa Universitas Pasundan Bandung, jrrd.

Panalungtikan anu pakait jeung sisindiran can pati loba boh tina jihat sastrana, basaana boh tina jihat pangajaranana. Panalungtikan sacara formal kungsi dilaksanakeun ku Hena Sumarni (2014) dina tesisna ngeunaan “*Kalimah dina Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar Karya Dedy Windyagiri (Ulikan Struktur jeung Semantis)*” anu eusina leuwih museurkeun kana stuktur atawa pola kalimah anu sok aya dina sisindiran. Aya ogé anu dipatalikeun kana pangajaran anu ditalungtik ku Ai Rohati (2014) ngeunaan “*Model Pangajaran Concept Sentence pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran*” anu eusina ngadeskripsikeun kamampuh nulis sisindiran barudak kelas X IPA 1 di SMPN 9 Bandung saméméh jeung saeunggeus ngagunakeun model pembelajaran concept sentence, sarta Nuraeni (2014) “*Model Pangajaran Numbered Heads Together (NHT) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Paparikan: Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VIII I SMPN 3 Lembang Taun Ajaran 2013/2014*”, anu eusina nyebutkeun yén modél Numbered Heads Together bisa ningkatkeun kamampuh nulis paparikan siswa SMPN 3 Lembang.

Tina sajumlahing panalungtikan anu ditataan di luhur, singhoréng can kapanggih aya anu neuleuman dunya tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) anu sok digunakeun dina sisindiran jeung wawangsalan Sunda. Padahal tutuwuhan

jeung sasatoan téh nuduhkeun ayana kaaripan lokal masyarakatna. Ku kituna panalungtik anu rék dilaksanakeun leuwih museur kana istilah flora jeung fauna nu dipikawanoh ku urang Sunda anu nyampak dina sisindiran dumasar kana tilikan léksikosemantik jeung étnolinguistik. Boa waé kecap-kecap flora jeung fauna nu aya dina sisindiran téh geus teu dipikawanoh ku urang Sundana sorangan alatan kasilih ku kecap-kecap tina basa Malayu atawa geus tumpurna flora jeung faunana. Dina ieu panalungtikan bakal diguar istilah katut ma'na flora jeung fauna anu remen kapanggih dina sisindiran, posisi istilah flora jeung fauna, patalina istilah flora jeung fauna dina kahirupan masarakat Sunda.

1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang anu geus ditepikeun, aya sawatara masalah anu perlu dirumuskeun. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- a. Istilah tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) naon waé anu aya dina sisindiran Sunda?
- b. Di mana posisi éta istilah dina sisindiran Sunda téh?
- c. Kumaha ma'na kecap-kecap tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) anu aya dina sisindiran Sunda?
- d. Kumaha patalina istilah tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) dina kahirupan masarakat Sunda?
- é. Kumaha lamun istilah tutuwuhan (flora) jeung sasatoan (fauna) dijadikeun salah sahiji aspék dina bahan ajar sisindiran di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah geus ditepikeun, ieu panalungtikan miboga tujuan anu hayang dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

Sacara umum ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun maluruh sarta néangan harti léksikosematik jeung étnolinguistik anu aya dina sisindiran jeung wawangsalan Sunda.

Ari sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun maluruh jeung ngadéskripsikeun lima hal, nyaéta :

- a. Rupa-rupa istilah flora jeung fauna anu nyampak dina sisindiran Sunda;
- b. Posisi istilah flora jeung fauna dina sisindiran Sunda;
- c. Ma'na kecap-kecap flora jeung fauna anu aya dina sisindiran Sunda;
- d. Patalina istilah flora jeung fauna dina kahirupan masarakat Sunda jeung :
- é. Istilah flora jeung fauna bisa dijadikeun bahan ajar sisindiran di SMP;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat anu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana mangpaat nu sipatna tioritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré sumbangan perkara élmu léksikosemantik jeung étnolinguistik dina sisindiran Sunda jeung kumaha bagbaganna upama dijadikeun bahan pangajaran.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis hususna pikeun nu nalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

a. Pikeun nu nalungtik

Ku ayana ieu panalungtikan, panalungtik bisa mikanyaho leuwih jero turta teleb ngeunaan léksikosemantik jeung étnolinguistik dina sisindiran Sunda ogé larapna kana pangajaran sisindiran di SMP.

b. Pikeun Guru

Ku ayana ieu panalungtikan, guru bisa nambahan pangaweruhna jeung pangalaman dina mekarkeun bahan ajar basa Sunda di sakola ku cara ngagunakeun sisindiran jadi bahan pangajaran.

c. Pikeun Siswa

Hasil tina ieu panalungtikan bisa jadi média keur siswa dina numuwuhkeun karesep tur karepna kana diajar sisindiran. Lian ti éta, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep siswa bisa neuleuman ma'na nu nyangkaruk dina

sisindiran nepi ka ahirna bisa ngarobah karakter siswa, ngalemesan budi jeung ngalelempeng akal pikiranana.

d. Pikeun Masarakat

Hasil panalungtikan ieu dipiharep bisa numuwuhkeun minat jeung karesep, karep jeung motivasi masarakat nu satuluyna keyeng paniatanana pikeun ngamumulé basa, seni jeung tradisi banda budaya karuhunna dina campur gaul jeung budaya moderén.

1.5 Rangkay Tulisan

Hasil dina ieu panalungtikan baris dipedar dina lima bab, rangkay tulisanana dipidangkeun saperti ieu di handap:

BAB I Bubuka. Dina bagian bubuka didéskripsikeun hal-hal anu ngawengku kasang tukang masalah anu ditalungtik, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, sarta mangpaat panalungtikan anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

BAB II Ulikan Pustaka. Dina ieu bab didéskripsikeun sajumlahing tiori ngeunaan sisindiran jeung wawangsalan, ma'na léksikosemantik, ma'naétnolinguistik, bahan pangajaran sisindiran.

BAB III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab didéskripsikeun ngeunaan desain panalungtikan (anu ngawengku pamarekan, méthode, jeung skéma panalungtikan), sumber data panalungtikan anu dikumpulkeun dina wangun kartu data (kartu kalimah), sarta téknik analisis data tur léngkah-léngkahna.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab didéskripsikeun timuan-timuan hasil analisis data panalungtikan sarta pedaran eusi panalungtikan.

BAB V Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab didéskripsikeun ngeunaan kacindekan tina panalungtikan sarta saran-saran pikeun panalungtikan satuluyna